

Southeastern Live Well Center



VIZYON LIVE WELL CENTER POU SOUTHEASTERN SAN DIEGO

Nouvo Southeastern Live Well Center pral vin yon bèl sant medikal ekolojik k ap gen adrès toupre yon kalfou istorik kominote ki pral bay yon varyete sèvis sante ak sèvis sosyal avèk fasilite pou sitwayen yo.

Live Well Center pral ofri sèvis ki baze nan Konte a ak kominote ki konsidere twomatis epi adapte pou diferans yo nan kilti pou sipòte sante, ak byennèt sitwayen yo epitou pou ranfòse fanmi yo ak kominote yo.



Kèk nan
patikularite
yo se:



Espas pou reyinyon ak
konferans kominotè

Jaden Byennèt ak
Meditasyon



Ekstansyon
Chollas Creek
Trail

Andedan ak
Deyò Boza
Piblik



LiveWellSD.org/centralregion

n

Revize nan dat 18
Avril 2022



SANT RESOUS POU FANMI YO

Sant Resous pou Fanmi yo pral ede moun k ap

- ♦ viv nan konte a, chèche kay pou yo abite, pwoteksyon asirans medikal, asistans manje ak nitrisyon, epi asistans finansye ak asistans pou jwenn travay.

SÈVIS POU RANFÒSE FANMI YO

- ♦ Sèvis Asistans Sosyal pou Timoun ki baze nan Kominote pral sipòte efò pou reyini timoun yo avèk fanmi yo. Pou fè sa, y ap bay espas pou vizit ak edikasyon paran nan yon kote ki apwopriye.

SIPÒ TIMOUN

- ♦ Depatman Sèvis Sipò Timoun bay sèvis ki konsantre sou timoun. Pou fè sa, yo kolabore avèk pou detèmine epi ranfòse lòd tribinal pou bourad lajan pou sipòte byennèt timoun yo pou anpil tan.

SANTE PIBLIK

- ♦ Swen Enfimyè nan Sante Piblik pral bay vizit nan kay, pwomosyon sante, defans enterè, sansibilizasyon, ak aktivite kolaborasyon pou amelyore kalite lavi pou manman yo ak timoun yo.

SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL

- ♦ Yo pral fè li vin pi fasil pou moun jwenn sèvis byennèt, tankou tretman ki baze nan kominote pou abi alkòl ak dwòg ak sèvis sante mantal pou granmoun yo.

SÈVIS JISTIS POU REPARASYON

- ♦ Pwobasyon avèk TRUST (Treatment, Restorative justice, Uniting Supportive services with Trauma-informed care), Probation pral sipòte kliyan jèn yo ak kliyan granmoun yo avèk yon modèl jistis pou bay reparasyon k ap amelyore sekirite nan kominote a pou tout sitwayen yo.



GRANMOUN AJE YO AK MOUN ANDIKAPE YO

Sèvis ki baze nan kominote a pral vin disponib pou granmoun aje yo, moun andikape yo ak manm fanmi yo, pou ede kenbe sitwayen yo an sekirite lakay yo epitou pou ankouraje yo lavi an sante ak lavi dinamik.

DEVLOPMAN MENDÈV

- ♦ Resous ak fòmasyon pou preparasyon pou djòb pral vin disponib pou granmoun ak jèn moun k ap chèche sèvis plasman nan travay ak sèvis pwofesyonèl.

SÈVIS POU MILITÈ AK VETERAN YO

- ♦ Militè yo, veteran yo, sivivan yo ak depandan yo pral resevwa anpil kalite sèvis sipò ki baze nan kominote a.

SÈVIS KOMINOTÈ

- ♦ Lòt sèvis patnè ak founisè kominote lokal yo bay pral vin disponib pou sipòte sitwayen yo.